

## Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

## Règleman sou avansman ak gradyasyon nan lekòl leta vil Nouyòk pou elèv k ap aprann anglè (ELL yo)

Elèv k ap aprann anglè (ELL selon sig la ann angle) an jeneral oblije swiv menm estanda pou avansman nan klas ak gradyasyon ke lòt elèv yo.

#### Ki egzijans ki genyen pou ELL yo ka pase yon klas nan lekòl segondè?

Pou w ka pase klas la, ou pral bezwen 8 kredi nan 9yèm ane, 20 kredi nan 10yèm ane (omwen 4 kredi nan men kou anglè / ESL yo epi 4 nan domèn Syans sosyal yo), epi 30 kredi nan 11yèm ane.

#### Kisa ki rive si yo pa kite m pase klas pou m avanse nan lòt ane a?

Si w pa jwenn kredi ke w bezwen pou w avanse nan pwochèn ane eskolè a, ou pral resevwa yon lèt nan men lekòl ou a nan mwa jen. Ou pral oblije asiste lekòl vakans dete a epi pase kou ki nesesè yo pou w ka ratrape kredi sa yo. Gen kèk lekòl ki ofri pwogram aprè lekòl oswa lòt pwogram tou ki rele « pwogram ratrapaj kredi ». Mande lekòl ou konsènan diferan tip pwogram ratrapaj kredi yo genyen disponib.

#### Konbyen kredi mwen bezwen pou gradye?

Ou bezwen 44 kredi de kou pou w gradye. Kredi sa yo dwe enkli:

- 8 kredi anglè / ESL
- 8 kredi syans sosyal
- 6 kredi matematik
- 6 kredi syans de vi
- 4 kredi edikasyon espòtif
- 2 kredi lang etranjè
- 2 kredi boza
- I kredi lasante
- 7 kredi elektif

### Èske m ka resevwa kredi pou kou mwen te swiv nan yon peyi etranje?

Wi. Direktè a pral revize relve de nòt ou pou ba w kredi yo an fonksyon de konfòmite kou a avèk nòm epi règleman Eta Nouyòk yo.

# Si m te enskri nan yon lekòl nan vil Nouyòk la pou lapremyè fwa nan lekòl segondè, èske m ka gradye ak mwens pase 44 kredi?

Non. Kèlkeswa moman ou te antre nan sistèm edikatif vil Nouyòk la, ou toujou bezwen 44 kredi de kou pou w gradye.

# Èske m bezwen pase nenpòt egzamen pou m ka gradye ak yon diplòm etid segondè?

Ou gen egzijans pou pase (pou fè yon nòt de omwen 65 pwen) 5 egzamen Regents de Eta Nouyòk yo oswa 4 egzamen Regents epi yon lòt tès ke Eta Nouyòk la apwouve. Si w te antre nan yon lekòl leta Nouyòk anvan I Izyèm ane a, ou dwe pase egzamen Regents sa yo :

- Egzamen lang ak lèt anglè (anglè)
- Yon egzamen istwa (istwa mondyal oswa Etazini)

- Yon egzamen matematik (aljèb 1/2 / jewometri)
- Yon egzamen syans (anviwònman vivan (byoloji), chimi, fizik oswa syans latè)
- Yon lot egzamen apwouve, tankou yon egzamen Fomasyon pwofesyonel epi teknik (CTE), yon egzamen Plasman avanse (AP) oswa yon tit CDOS

Ou gen dwa fè yon pwosedi apèl pou de (2) egzamen ak yon nòt de 60, 61, 62, 63 oswa 64 epi w pral pase si w reponn ak kèk egzijans byen detèmine. Gade Fich Enfòmasyon nou an sou pwosedi Apèl yo pou w iwenn plis enfòmasyon :

http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/regents exam appeal options.pdf.

# Kisa pou m fè si m te enskri nan yon lekòl leta Nouyòk pou lapremyè fwa nan l l yèm ane a ?

Si w te enskri nan yon lekòl nan eta Nouyo`k la pou lapremyè fwa nan I I yèm ane a, ou dwe pase 4 egzamen Regents nan matyè Anglè, Matematik, Istwa Etazini epi Lasyans. Direktè a gen dwa egzonere elèv ELL yo ki apèn rive Ozetazini pou yo pa oblije pase egzamen Istwa mondyal la.

# Kisa pou m fè si m te enskri nan yon lekòl leta Nouyòk pou lapremyè fwa nan 12yèm ane a?

Si w te enskri nan yon lekòl nan eta Nouyòk la pou lapremyè fwa nan 12yèm ane, ou dwe pase 3 egzamen Regents nan matyè Anglè, Matematik epi Istwa Etazini an. Direktè a gen dwa egzonere ELL ki apèn rive Ozetazini pou yo pa oblije pase egzamen Istwa mondyal la.

### Èske ELL yo oblije pase egzamen Regents Anglè a?

Wi. Tout ELL yo dwe pase egzamen Regents Anglè a pou yo ka gradye. ELL ki te enskri nan lekòl Ozetazini pou lapremyè fwa nan 9yèm ane oswa aprè sa a gen dwa fè yon pwosedi apèl pou egzamen Regents Anglè a epi gradye ak yon nòt ki ant 55 ak 59. Pou fè yon apèl pou yon egzamen, ou dwe :

- Pase egzamen an omwen de (2) fwa
- Chache èd akademik nan matyè Lang ak lèt anglè
- Pase kou Lang ak lèt anglè ou yo
- Ou dwe jwenn yon rekòmandasyon nan men pwofesè Anglè ou a oswa kowodonatè depatman Anglè a.

Elèv ki fè yon pwosedi apèl pou egzamen Regents Anglè a gen dwa fè yon apèl pou yon sèl lòt egzamen ak yon nòt de 60, 61, 62, 63 oswa 64.

### Èske m oblije pase lòt egzamen Regents yo ann anglè?

Sa depann. Egzamen nan matyè Istwa Etazini, Istwa mondyal, Aljèb I, Aniwònman vivan an (Byoloji) epi Syans latè yo disponib nan lang panyòl, chinwa, koreyen, ris epi kreyòl ayisyen. Si yon egzamen pa disponib nan lang natif natal ou, ou ka mande yo tradwi egzamen yo aloral pou w. Ou ka ekri repons pou kesyon ak repons ouvè yo nan lang pa w la lè yo ba w egzamen an nan lang natifnatal ou. Sepandan, ou dwe li epi reponn tout kesyon ak repons ki sou egzamen Regents Anglè a ann anglè.

# Ki lòt amènajman ki disponib pou ELL yo lè yo gen pou pase egzamen Regents yo?

Elèv ELL yo ka resevwa amènajman sa yo :

- Lè an plis, pafwa se « 150 pousan lè nòmal la »
- Pase egzamen Regents yo nan yon lokal apa, swa poukont ou oswa nan yon ti gwoup
- Sou egzamen Regents Anglè a, ou gen dwa pou w tande pasaj konpreyansyon oral la 3 fwa olye pou w tande I de (2) fwa sèlman
- Ou ka itilize diksyonè ak glosè bileng, sòf nan egzamen Regents Anglè a

### Èske amènajman egzamen sa yo aplike pou elèv ki pa konsidere kòm ELL ankò?

Ou ka benefisye de amènajman pou egzamen Regents yo pandan 2 lane aprè w fin pase NYSESLAT (Tès Kapasite Anglè Kòm Dezyèm Lang pou Eta Nouyòk la), ki se tès konpetans anglè ke ELL yo konn pase chak prentan. Si w pa konsidere antanke ELL ankò, ou pa kalifye pou pwosedi apèl egzamen Anglè Regents la jan sa esplike pi wo a.

#### **CHANJMAN PANDAN COVID-19:**

Si w te konte pase yon egzamen Regents ant jen 2020 ak janvye 2022, ou gen dwa elijib pou yon egzonerasyon pou egzamen sa a poutèt COVID-19.\*

Si w pase yon kou Regents epi w pase egzamen Regents la pou matyè sa a ant jen 2022 ak out 2023, ou ka fè yon apèl pou yon nòt ki ant 50 ak 64, olye de egzijans nòmal la ki se 60 ak 64, epi ou ka resevwa yon Diplòm Regents kanmèm. Pou aprann plis, gade fich konsèy sa a.

\* Egzamen US History Regents te anile tou nan mwa jen 2022, men se pa akòz COVID-19. Si ou te sipoze pran egzamen Regents sa a, ou kalifye pou yon egzanpsyon Regents..

#### Èske w toujou gen kesyon ? Souplè rele Liy Dirèk Edikasyon Jill Chaifetz la

Lendi pou jedi • 10h00 jiska 16h00 1-866-427-6033 (san frè)

Fich sa a pa konstitye yon konsèy jiridik. Objektif fich enfòmasyon sa a se pou rezime règleman ak lwa ki deja egziste san nou pa divilge opnyon AFC a. Si w gen yon pwoblèm jiridik, souplè kontakte yon avoka oswa yon defansè.

Dwa lotè © mwa out 2022 pa Advocates for Children of New York, Inc.